



## **PWOSÈ VÈBAL KOMITE BOSTON SCHOOL KOMISYON K AP TRAVAY SOU EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO**

**24 Jwen 2021**

Komite Boston Schhol Komisyón K ap Travay sou Egzamen Admisyon Lekòl yo te fè yon reyinyon adistans nan dat 24 Jwen 2021 an a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou eleman ki dekri anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye imel [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oubyen rele Biwo Komite Boston School la nan (617) 635-9014.

### **PREZANS**

Manb Komisyón K ap Travay sou Egzamen Admisyon lekòl yo ki te prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis; Ko-Prezidan Tanisha Sullivan; Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Simon Chernow; Matt Cregor; Tanya Freeman-Wisdom; Katherine Grassa; Zena Lum; Samuel Acevedo; Rachel Skerritt; Rosann Tung; ak Tamara Wait.

Manm Komisyón k ap Kravay sou Egzamen Admisyon Lekòl yo ki te Absan: Pa t genyen.

Pèsonèl BPS ki te Prezan: Monica Roberts, Responsab Avansman Elèv yo, Fanmi ak Kominote a; e Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite.

### **DOKIMAN YO TE PREZANTE**

#### Ajanda:

Pwosè vèbal reyinyon an: Reyinyon 14 Jwen 2021 an

Pwosè vèbal reyinyon an: Reyinyon 17 Jwen 2021 an

Similazyon Goup k ap Travay sou Egzamen Lekòl yo, 24 Jwen 2021

Prezantasyon Detèminasyon Kalifikasyon

**24 Jwen 2021**

## **APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL REYINYON AN: 14 JWEN E 17 JWEN 2021**

***Apwouve*** - Komisyón an ansanm te apwouve pwosè vèbal reyinyon 14 Jwen 2021 Komisyón k ak Jere Egzamen Admisyon Lekòl yo avèk ti modifikasyon de Dr.Tung.

***Apwouve*** - Komisyón an ansanm te apwouve pwosè vèbal reyinyon 17 Jwen 2021 Komisyón k ak Jere Egzamen Admisyon Lekòl yo.

## **DEKLARASYON ÒDONANS**

Mesye Contompasis te bay òdonans reyinyon an. Li te anonsé ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib an Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Kap Vèdeyen, Somalyen, Vyetnamyen, Kantonè, Mandaren, Arab, ak Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL); entèprèt yo te prezante tèt yo epi bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou patisipan yo chanje chanèl Zoom nan pou yo aksede ak entèpretasyon similtane a.

Madam Parvex te fè apèl. Madam Acevedo, Madam Aguirre, Mesye Chernow, Mesye Gregor, ak Doktè Freeman-Wisdom te rive apre apèl la.

## **DISKISYON**

Mesye Contompasis te raple manb yo ke Komisyón an t ap reyini Lendi 28 Jwen ak Madi 29 Jwen. Li te di te gen done k ap vini ki konsène alokasyon plas ke yo p ap prezante nan sware reyinyon sa a, konsa manb yo p ap ka pran okenn desizyon sou alokasyon plas nan reyinyon an. Dezyèm objektif la se te kritè ki konsène kalifikasyon, e Mesye Contompasis te di ke li pral prezante yon rezime de kritè sa yo e komisyón kapab pran konsansis oswa vote sou sa.

Madam Sullivan te remèsyé manb komisyón yo pou angajman yo e li te di li optimis ke y ap kapab prezante yon rekòmandasyon a Komite Lekòl yo k ap kapab ede Boston Publik Schools ansanm avèk Vil Boston ale vè lavan.

Madam Hogan te prezante done ke yo te mande yo ki te done similasyon ki bay endikasyon sou povrete a ki wo. Premye Similasyon an te 20% nan tout vil la, 80% distribisyon pa nivo, epi dezyèm nan te 100% distribye pa nivo. Yo te prezante yo pa rapò ak stati ekonomik, ras ak kòd postal.

Madam Aguirre enfòme l sou kòman pwen yo pral afekte elèv ki nan pwogram METCO paske lekòl ozalantou yo p ap kalifye antan ke lekòl ki ekstrèmman pòv, epi elèv yo p ap jwenn pwen yo kèlkeswa sitiayson fanmi an. Madam Sullivan te di ke plis pwen pou nivo povrete elve yo te baze sou lekòl yo ak rezon sèke elèv METCO yo p ap gen aksè ak rezous akoz de lekòl yo te frekante.

**24 Jwen 2021**

Madam Grassa te remake ke akoz chanjman ki fèt nan 6èm ane, kèk elèv pa t kapab frekante yon lekòl elemantè defavorize ekonomikman, e ale nan yon lekòl primè ki ekonomikman favorize, oswa vis-vèsa. Madam Skerrit te ajoute ke l ap pi pwobab pou ke edikasyon elèv yo fasone atravè eksperyans yo nan 5èm ane men pa nan 6èm ane. Madam Sullivan te di ke dapre obèvason sa yo, yo twa dwe gade nan ki lekòl ke yon elèv te fè klas 5èm ane, men pa 6èm ane.

Madam Sullivan te oryante diskisyon an sou kalifikasyon, espesyalman pou ane lekòl (SY 2023-2024) la. Li di ke yo te pale de itilizasyon evalyasyon kòm yon pòt pou antre nan gwoup la, ki pral demonstre swa nivo pèfòmans nòt MCAS 5èm ane ,oswa nòt MAP 5èm ane, oswa nòt MAP 6èm ane. Yon fwa ke nou antre nan gwoup la, yo pral itilize nòt Atzay Lang Anglè (ELA) 5èm ane ak nòt matematik, epi nòt ELA, matematik, syans sosyal, ak etid sosyal 6èm ane.

Aprè li te fin repeète dezakò pou itilizasyon yon tès, Doktè Tung te pwopoze yon lòt opsyon ki se itilize yon nòt konpoze ki genyen Nòt Mwayèn Jeneral (GPA) ak evalyasyon endikatè nivo povrete elve. Madam Sullivan di konsa yo t ap distribye plas yo de fason pwopòsyonèl ak nenpòt gwoup jeyografik oswa sosyoekonomik yo deside epi l ap valab pou 100% elèv men pa sèlman 80%. Li te di tou ke li te kontakte Dr. Lorrie Shepard, ki te preznan nan reyinyon komisyón an te fè avan, ki te rekòmande ke koupi nòt yo ta dwe yon bagay nasyonal e leta, epi ase ba pou li enklisif.

Mesye Contompasis te mande kòman Komisyón an pral jere tout enkyetid ki soulve yo ki te fè yo deside sou yon pòtal olye de yon egzamen a nivo.

Madam Sullivan te di ke enkyetid li geneyn avèk itilizasyon yon pòtal sèke y ap fè evalyasyon an pi enpòtan ke metòd admisyon avan Covid la, paske sa ap sèl mwayen pou rantre nan gwoup la epi li te ajoute ke li prè pou l tanmen yon konvèrsasyon konsènan yon nòt konpoze.

Mesye Gregor te di ke l ap enterese ak modèl nòt konpoze a men avèk plis severite sou nòt yo ke lè tès la. Madam Skerrit te di ke li panse ke yon nòt konpoze avèk plizyè endikatè ap bon pou endèks povrete ki elve paske li pa dakò avèk yon sèl mwayen, men li di tou ke li gen enkyetid konsènan plizyè tip de tès.

Mesye Contompasis te montre lis kritè kalifikasyon yo kòm yo te diskite l nan reyinyon ki te pase yo, ak pwosesis yo pwopoze a. Pwopozisyon an sèke yon elèv dwe reponn ak yon pòtal pou l kalifye pou evalyasyon an e anplis li dwe fè yon nòt mwayen jeneral GPA B oswa pi wo. Pou ane lekòl 2022-23 nòt y ap konsidere se nòt ELA, matematik, syans sosyal, ak etid sosyal de premye peryòd 6èm ane yo; epi pou ane lekòl 2023-24 e lòt ane yo, y ap konsidere nòt ELA dènye peryòd klas 5èm ane ak nòt ELA, matematik, syans sosyal, ak etid sosyal de premye peryòd klas 6èm ane yo. Li di rekòmandasyon li pou ane lekòl 22-23 se pou pa genyen evalyasyon akoz Covid- 19 la.

Manb yo te diskite kòman yo t ap itilize GPA(Nòt Mwayenn Jeneral) si tès la te sèl kritè kalifikasyon pou antre nan gwoup la e fè seleksyon nan mitan yo pa mwayen lotri.  
Madam Sullivan te mande manb yo kòman yo santi yo konsènan itilizasyon evalyasyon an kòm yon mwayen fas a itilizasyon yon nòt konpoze. Mesye Acevedo, Mesye Gregor, Mesye

**24 Jwen 2021**

Chernow, Madam Aguirre, Madam Skerrit, ak Madam Grassa te di yo dakò avèk lide itilizasyon evalyasyon an an yon nòt konpoze.

Madam Sullivan di ke si yo itilize nòt konpoze pou kalifikasyon, yo ta dwe diskite si mekanism lan ta dwe yon lotri, yon klasman dirèk, oswa yon modèl ibrid (tou de)

Madam Aguirre te di ke yo ta dwe diskite ki pousantaj tès la ak GPA yo dwe konsidere avan yo diskite kòman y ap fè alokasyon plas yo.

Madam Sullivan te mande manb yo pou yo sigjere ki pousantaj pwen yo pwopoze pou chak eleman yo. Mesye Gregor te sigjere itilizasyon 70% nòt e 30% evalyasyon. Doktè Tung te sigjere itilizasyon 80% nòt e 20% evalyasyon. Madam Skerrit te sigjere 50% pou yo chak. Madam Aguirre te sigjere itilizasyon 60% nòt e 40% evalyasyon. Madam Sullivan te di yo pral mande Madam Hogan pou li plase similasyon sa yo avèk 10% endikatè nivo povrete elve a.

Madam Sullivan te mande manb yo pou yo kòmanse diskite mwayen pou alokasyon plas yo, ki te klasman dirèk, lotri oswa hybrid (tou de)

Madam Nagasawa te mande kijan mekanis lan ap fè bon pou ogmantasyon 10% lekòl a povrete elve nan lotri a pou tout elèv yon fwa ke yo te fè pati gwoup la. Madam Sullivan di li pa t ap yon avantaj nan metòd sa a pou elèv sa yo men li t ap ede yo kalifye pou gwoup la. LI te di tou ke yon fason pou yo reyalize divèsite jeyografik ak sosyoekonomik e reyalize objektif yo, yo pa t ap kapab itilize yon lotri a 100%, men yo ta dwe fè lotri a nan nivo sosyoekonomik, oswa seksyon jeyografik.

Aprè yon kout diskisyon ant manb yo sou pousantaj similasyon yo t ap mande, Madam Sullivan di men ki similasyon yo t ap mande nan metòd alokasyon plas yo:

1. 100% klasman dirèk pa rapò a nivo
2. 20% klasman nan tout vil la ak 80% klasman pa rapò a nivo
3. 20% klasman nan tout vil la, 40% klasman pa rapò a nivo, e 40% lotri

Doktè Tung te di l ap konkli pou l di ke metòd kòd postal la te bay pi gran divèsite nan katye yo ke klasman pa rapò a nivo yo konsa li t ap prefre kòd postal la men pa klasman pa nivo.

Madam Sulivan klarifye ke metòd enterimè a pwodui pi bon divèsite yo wè nan tout endikatè yo: zòn, sosyoekonomik, ras, etnik, tip aprantisaj e elèv ka aprann Anglè yo. Li di ke yo toujou ap tann done yo nan men sektè resansman men tou yo dwe konnen ke yo bezwen jwenn yon solisyon pou tout pwoblèm ak enkyetid ki prezante.

Mesye Gregor te ajoute ke se pa responsabilite yo pou yo ekilibre enskripsyon yo konsènan ras nan lekòl la, tribinal la t ap konsidre sa kòm yon aksyon ilegal. Li di responsabilite yo se pou kreye yon metòd admisyon k ap pèmèt elèv yo pi byen reflete vil la. Pou li menm sa vle di yon efò pou elimine baryè ki anpeche opòtinite edikatif ekitab konsa elèv yo kapab eksperimente avantaj divèsite edikatif

**Reyinyon Adistans Komisyón Ka p Travay sou Egzamen Admisyon Lekòl yo**  
**Zoom**

**24 Jwen 2021**

Mesye Contompasis te raple manb yo ke atant yo se pou yon lè genyen yon gran kantite elèv ki fè eksperyans patipe nan egzamen admisyon lekòl. Li di tou ke yo ta dwe rantre nan yon pwosesis revizyon e amelyore travay y ap fè yo.

**KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL**

- José Valenzuela, ki abite nan Roslindale, pwofesèsè Boston Latin Academy (BLA) ak ansyen pwofesè Boston Latin School (BLS), te deklare ke li sipòte travay Komisyón an.

**KÒMANTÈ FINAL**

Ko-Prezidan yo te remèsyé manm yo ak piblik yo.

**RANVWAYE**

Ozanviwon 07:50 pm, Komite a te vote a inanimite, pa mwayen apèl, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvez  
Asistan administratif